



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON FÈMTI WOUT KI GEN RAPÒ AK KONSTWIKSYON YO POU FASILITE SIKILASYON PANDAN WIKENN JOU FÈT TRAVAY LAN**

***Pa Gen Okenn Fèmti Liy Ki Pa Esansyèl Pandan Peryòd Vwayaj Chaje yo sou Otowout Eta yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke fèmti sou liy yo pou pwojè konstwiksyon wout ak pon yo sou otowout Eta New York yo, pral sispann soti apati Vandredi 31 Septanm a 6 a.m., pou rive nan Madi 6 Septanm a 4 a.m., pou kapab akomode vwayajè yo pandan wikenn Jou Fèt Travay chaje a. Kèk travay ka kontinye dèyè baryè beton pèmanan oswa pou reparasyon ijans. Sispansyon konstwiksyon yo sipòte inisyativ “Drivers First” (Chofè yo an Premye) Gouvènè Cuomo a, ki priyorez komodite chofè yo pou minimize anbouteyaj sikilasyon ak reta vwayaj yo akoz travay k’ap fèt sou pon ak wout yo.

“Pou anpil moun New York, wikenn Jou Fèt Travay la make fen sezon ete a, epi nou angaje nan ede asire vwayaj ki sekirize, ki konvenab pandan wikenn vakans chaje a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen swete tout moun New York yo yon jwaye Jou Fèt Travay epi mwen egzòte vwayajè yo pou aplike règ yo sou wout lan, pwofite de tan ak fanmi yo, epi pran yon moman pou obsève enpòtans mouvman travay lan, ki te pran nesans isit la nan Empire State.”

An plis, Gouvènè Cuomo ap egzòte otomobilis yo pou yo aplike Lwa “Move Over” (Ouvri Wout) eta a ki egzije chofè yo pou yo ralanti, kondwi ak pridans, epi mete yo sou kote ak pridans lè veyikil fòs lapolis, kamyon ponpye, anbilans, kamyon remòkaj, ak veyikil konstwiksyon oswa mentnans ki kanpe sou bò wout eta a yo. Lwa a te adopte an 2011 pou pwoteje Nouyokè k ap travay sou wout la e yo te elaji l depi lè sa pou mete plis kalite veyikil ijans ak risk.

**Komisè Pwovizwa Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York, Paul A. Karas, te deklare,** “Mwen pa ka souliye ase enpòtans pou obeye lwa sou veyikil ak sikilasyon yo non sèlman pandan wikenn Jou Fèt Travay lan, men tou pandan tout ane a. Nan kad pwogram ‘Drivers First’ Gouvènè Cuomo a, otomobilis yo pral kapab ale epi tounen soti nan destinasyon yo pi rapidman epi pi fasilman pandan wikenn Jou Fèt Travay sa a. Ekip nou yo pral retounen nan lari a an fòs lè wikenn nan

fini. Mwen egzòte otomobilis yo pou yo kondwi ak prekosyon, pran pasyans nan zòn travay yo, epi tanpri trete travayè nou yo ak respè ke yo merite”.

**Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway (Thruway Authority), Matthew J. Driscoll, te deklare,** “Sekirite chofè yo se priyorite prensipal Otorite Thruway epi pandan ke nou ap fèmen sezon vwayaj estival chaje an, nou vle pou vwayajè yo ka ale epi tounen soti nan destinasyon yo an sekirite, atan, epi san reta ki an rapò ak konstwiksyon yo. Mwen ankouraje anpil vwayajè yo pou yo itilize divès Zòn Sèvis, Arè pou voye Mesaj Tèks yo, ak Sant Akèy sou Thruway yo pou yo ka pran yon poz epi evite distrè pandan yo ap kondwi”.

**Komisè Egzekitif Adjwen Depatman Veyikil Motorize Eta New York la (New York State Department of Motor Vehicles) ak Prezidan pa Enterim Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), Terri Egan, te deklare,** “Inisyativ ‘Drivers First’ Gouvènè Cuomo a fè li vin pi fasil pou ou ale kote ou vle ale pandan jounen vwayaj ki chaje yo epi pèmèt ekip sou wout yo ak travayè konstwiksyon yo gen chans pou pase wikenn vakans lan ak fanmi yo. Nou espere ke tout moun New York yo ap pase yon Jou Fèt Travay ki amizan epi agreyab epi sonje pou yo kondwi ak prekosyon. Ak plis moun ki sou wout yo, sa se yon moman pafè pou raple chofè yo pou pa itilize telefòn yo, aplike limit vitès yo epi tanpri, pandan wikenn Jou Fèt Travay lan ak chak jou, pa kondwi si ou anba efè dwòg oswa alkòl.”

Yo ap raple moun New York yo ke fòs lapolis eta ak lokal yo pral ap patisipe nan ranfòsman “Drive Sober or Get Pulled Over” (Kondwi San Ou Pa Sou oswa Kite Yo Arete Ou) atravè eta a pou rive nan Jou Fèt Travay lan, 3 Septanm. Kanpay ranfòsman ak edikasyon an elabore pou anpeche moun ki entoksike oswa ki anba enfluyans dwòg yo kondwi sou wout eta ak lokal yo. Otomobilis yo ka atann yo a wè fòs lapolis yo ki ap kanpe epi arete chofè ki anba efè yo nan objektif pou ka kenbe wout New York yo sekirize pandan wikenn fèt sa a.

Yo ankouraje otomobilis yo pou yo itilize 64 arè kote yo ka voye tèks yo, menm jan ak Zòn pou Sèvis yo, Zòn pou Repoze yo ak Sant Akèy yo ki sitiye toupatou nan eta a jan sa nesesè pou yo ka voye tèks, fè apèl telefonik, ak lòt bagay ke yo pa ka fè lè y’ap kondwi yo.

Ap genyen yon ti varyasyon pou sèten pwojè Thruway baze sou volim trafik anvan yo. W’ap jwenn yon orè detaye fèmte wout Thruway yo pandan wikenn fèt lan ki disponib [isit la](#).

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#).

Y’ap raple vwayajè yo pou yo verifye 511NY nan rele 511 oubyen ale sou [www.511ny.org](http://www.511ny.org) avan yo soti. Sèvis gratis la pral pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo oswa relye a enfòmasyon ayeryen ak transpò.

Itilizatè mobil yo ka telechaje gratis aplikasyon mobil 511NY la apati iTunes oswa Google Play. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd “Drive” (Kondwi), ki bay avètisman moun ka tandè sou yon wout yo chwazi pandan itilizatè a ap kondwi, pou avèti yo sou ensidan ak konstrikasyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan yo kòmanse kondwi epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

Depatman Veyikil Motorize a ap egzòte chofè yo pou yo itilize aplikasyon [Have a Plan](#) (Gen yon Plan) an pou ede jwenn yon wout sekirize pou ale lakay yo lè yoo soti nan yon selebrasyon kote yo ka te ap bwè alkòl. Aplikasyon gratis Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Fondasyon NYS STOP-DWI la te mete disponib lan pèmèt ou deziyen yon chofè, rele yon taksi oswa woulib an komen, epi revize konsekans ki genyen lè moun kondi nan kapasite afebli. Ou ka menm itilize aplikasyon an pou w rapòte yon chofè ki sou oswa ki dwoge. Aplikasyon epi disponib pou smartphone Apple, Android, ak Windows.

Swiv DOT Eta New York lan sou Twitter: [@NYSDOT](#) ak sou Facebook nan [Depatman Transpò Eta New York](#).

Swiv Otorite Thruway Eta New York sou Twitter: [@NYSThruway](#) ak sou Facebook nan [Otorite Thruway Eta New York](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)